Mouvement Pour la Reconstruction Nationale
MRN
: mouvementpourlareconstructionn@gmail.com
: +509 4121-0661 / +509 37236122
: 212, Haut Turgeau, 212

KONFERANS POU LAPRES 26 AOUT 2026

Deklarasyon Pou Lapres

Mouvman pou Rekonstriksyon Nasyonal (MRN) salye tout medya ki reponn prezan nan kouvèti konferans sa a. Nou pwofite di yo mèsi nan non MRN.

Sou sitiyasyon politik ak sekirite peyi a

Mouvman pou Rekonstriksyon Nasyonal konstate, depi adopsyon akò ki pote non **« Pacte national pour la stabilité et l'organisation des élections »**, ki te siyen ant Premye Minis an fonksyon Alix Didier Fils-Aimé ak pati politik ki asosye nan pouvwa avèk li, sitiyasyon an pa amelyore sou plan sekirite. Okontrè, peyi a fonse pi plis nan ensekirite ak enstabilite.

Depi dram 7 jiyè 2021 an, twa (3) pouvwa defakto pase nan tèt Leta a, men youn pa diferan ak lòt. Se menm moun yo, toujou ak menm pwoblèm yo k ap asire yon politik kontinwite malveyan:

- kontinwite ensekirite k ap vin pi grav chak jou;
- kontinwite nan koripsyon;
- kontinwite nan fè vye mannèv pou kenbe pouvwa;
- kontinwite nan jwi avantaj pouvwa san rezilta.

Sou pwosesis elektoral la

Se nan kontèks difisil sa a Konsèy Elektoral Pwovizwa a (CEP) lanse yon pwosesis elektoral, pandan gouvènman an pa fè anyen pou pèmèt eleksyon yo òganize sou tout teritwa nasyonal la, nan lapè ak trankilite.

Gouvènman an kontante l sèlman pwomèt eleksyon san li pa fè okenn aksyon konkrè. Pa egzanp, li pa pran mezi pou pèmèt popilasyon depatman **Lwès, Latibonit ak Plato Santral**, ki reprezante sant gravite Leta ayisyen, chwazi reprezantan yo nan eleksyon sa yo.

MRN ap di CEP a klèman: **okenn eleksyon ki fèt pou satisfè kapris pouvwa defakto a pap posib nan peyi d Ayiti san patisipasyon twa depatman sa yo**, ki reprezante anviwon 49% teritwa nasyonal la.

Y ap pedale ak yon dekrè elektoral ki fabrike sou dikta Premye Minis la, ki gen pwòp gwoupman politik pa l, epi k ap drene resous Leta yo pou pran pouvwa a.

MRN, ki kwè nan demokrasi ak prensip souverènte popilè, pare pou patisipe nan eleksyon yo, men sa dwe fèt sou kondisyon sa yo:

1. Sekirite dwe retabli nan peyi a

Fòk gen sekirite nan peyi a pou tout sitwayen ka sikile libreman, pou tout wout debloke, epi pou tout kandida ka deplase pou al fè pyès yo epi mennen kanpay nan tout sikonskripsyon, komin, seksyon kominal ak depatman, san kè sote.

2. Dekrè elektoral la dwe modifye

Fòk dekrè elektoral la modifye pou CEP a retire tout atik ki vyole Konstitisyon an ak lalwa.

36yèm anivèsè MRN

Yon lòt kote, nou swete bon anivèsè a tout manm ak senpatizan pati a ki te fete, 19 out pase a, **36 zan anivèsè egzistans li**.

Nou pwofite salye memwa kamarad **René Théodore**, gran òm politik, patriyòt ki te gen anpil respè ak lanmou pou Ayiti ak pèp ayisyen an.

Sidoine Joseph
Dirijan prensipal Mouvman pou Rekonstriksyon Nasyonal (MRN)

Telefòn: 3723-6122
Imèl: j.sidoine.04@gmail.com